# TOǴAY XOJALIǴINDA DÁRILIK ÓSIMLIKLERDI ÚYRENIW

*Saqiyeva Simbat Amanjol qizi,*
*Atajanova Araztaj Magsat qızı*
*Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti,*
*Ekologiya hám qorshaǵan ortalıqtı qorǵaw, qánigeligi studentleri*

Toǵaylar "ózgeshe atawlar ósimlikleriniń birlespesi bolıp", olardıń kelip shiǵiwi hám tirishiligi Ámiwdárya hám Sirdáryalardiń iskerligi menen tiǵiz baylanisli ekenligin aniqlap, Toǵay yamasa toǵayshiliq degende dárya boylarına jaqin jerde ósiwshi ósimlikler túsiniledi. Toǵayzarlıqlar tiykarinan aǵash, puta hám ot-shóp ósimlikleriniń, birgelesip ósiwinen payda boladi.

Toǵay aǵashlariniń rawajlanıwına tásir jasaytuǵin tiykarǵi faktorlar: dáryaniń aǵisi, oniń jaǵalariniń, atawlar hám qayirlardiń turaqsizliǵi dep esaplaydi. Iǵallıq jaǵdaylariniń ózgeriwsheńligi toǵaylardiń bir jerlerde ólip qaliwina, ekinshi jerlerde payda boliwina alip keledi.

Qaraqalpaqstanniń toǵaylarin hám olardiń maydanlariniń qisqariwiniń sebeplerin úyrenip, izertlewshi Ámiwdáryaniń tómengi quyarliǵindaǵi toǵay bayliqlarin saqlap qaliwǵa múmkin bolatuǵin bir qansha ilajlardi usindi. Solardan biri, toǵay aǵashlariniń rawajlaniw ózgesheliklerin esapqa alip, aǵashlardi shabıwdı 20 jasta júrgiziwdi, soniń menen birge olardin ornina taza aǵashlardi otirǵiziwdi usinis etedi.

Dárilik ósimlikler insaniyat ushın ótmishten belgili bolǵan. Ótmishten bizge dárilik ósimliklerdi táriypi hám olardı insan salamatlıǵın jaqsılawda qollanılıwına tiyisli kópǵana ilmiy shıǵarmalar jetip kelgen. Mısalı, Abu Ali ibn Sinanıń "Meditsina nızamları" shıǵarması ásirler dawamında tek arablar, bálkim Evropa shıpakerlerinede dástúr ámel bolıp xizmet qılǵan.

Abu Ali ibn Sina 900 ǵa jaqın dárilik ósimlikke táriyp bergen hám olar menen emlew usılın jazba ráwishte qaldırǵan. Óz dáwriniń belgili shıpakerleri Al-Xorazmiy, Abu Bakr Muhammed ibn Zakariya ar-Roziy, Arabmuhammedxan ulı Abdulǵazıxan, İsmail al-Jurjoniylar ózleriniń táwiplik (xalq tabobati) iskerliklerinde dárilik ósimliklerden túrli keselliklerdi emlewde tabıslı paydalanǵan hám bul haqqında jazba maǵlıwmatlar qaldırǵan.

Tóǵaylardaǵi ósimlikler tiykarinan biyik, tik, denesi tselendr formada hám shaqalari aǵashtiń joqari bólimlerinde jaylasqan boladi. Toǵay – bul ósimliklerdiń tiykarǵi túri bolip, oniń quraminda barliq aǵashlar, puta hám toǵay astı ósimlik dúnyasi bolip ásirese dárilik ósimlikler kóp ushirasadi. Toǵaydiń kólemi, formasi, muǵdari hám dúzilisi bir-biri menen tiǵiz baylanisli bolip, waqit, klimat hám insan xizmeti tásirinde ózgerip turıwı múmkin.

Toǵaylarda ósiwshi dárilik ósimliklerdiń túr qurami hám olardi toliqtiriw usillarin toǵaydaǵi aǵash-putali ósimliklerdiń bioekologiyaliq ózgesheliklerin úyreniwde olardıń qurilisi, kólemi, ósiw jaǵdayina qatnasi hám basqalarda ózgesheliklerine itibar beriliwi kerek. Toǵaydaǵi aǵash-putali dárilik ósimliklerdiń kóp túrliligi-ortaliqtiń belgili jaǵdayinda ósetuǵin ósimliklerdiń ózgeriwshiligi hám tábiyǵiy tańlaw bolip tabiladi.

Óz náwbetinde dárilik ósimliktanıw tarawıda úzliksiz botanika, ósimliktanıw, dendrologiya, farmakognoziya, agroximiya, topıraqtanıw, ósimlikler fiziologiyası, ósimlikler bioximiyası, ósimlikler biotexnologiyası, ximiya, fizika hám basqa pánlerdiń tabıslarına tayanǵan halda ǵana óz aldına qoyǵan máqsetlerge erise aladı.

Dárilik ósimliklerdiń organizmge tásiri olardıń quramındaǵı birikpalerdiń muǵdarına baylanıslı. Bul birikpeler ósimliktiń hár túrli bólimlerinde turli muǵdarda toplanadı. Dári tayarlawǵa ósimliktiń kerekli bólimleri turli waqıtlarda jıynaladı. Máselen, qabıq, búrtik erte báhárde, japıraq ósimlik gúllewi aldınan yaki gúllegende, gúlleri tolıq ashılǵanda, miywe hám tuqımları piskende, jer astı organları (tamırı, tamırpaqalı hám piyazı) erte báhárde yaki kesh gúzde alınadı.

Dárilik ósimliklerdiń tásir etiwshi zatı - alkoloidlar, túrli glikozidler, antroglikozidler, júrekke tásir etiwshi glikozidler, saponinlar, flavonoidlar, kumarinlar, aslawshı zatlar, efir mayları, vitaminler,

smolalar hám basqa birikpeler bolıwı mumkin. Kóp ósimliklerden mikroorganizm hám viruslardı joǵaltatuǵın antibiotikler hám fitontsidlerge bay preparatlar tayarlanadı. İlmiy táwipshilikte isletiletuǵın dárilik ósimliklerdiń kópshiligi ásirler dawamında xalıq isletip kelgen ósimliklerden alınǵan.

Respublikamızdaǵı dárilik ósimliklerdi úyreniw XX ásirlerde keń kólemde ótkizildi. Akademik S.Yu. Yunusov hám onıń shákirtleri tárepinen Respublikamız florasındaǵı alkaloidlı ósimliklerdiń bioximiyalıq quramı úyrenildi. Bul alımnıń say xáreketleri menen 1956 jılda Ósimlik zatları ximiyası institutı dúzildi hám onıń alımları Respublikamız florasındaǵı ósimliklerdi bioximiyalıq quramın úyreniwge úlken úles qostı.

Ózbekstan florasındaǵı dárilik ósimliklerdi úyreniwge farmatsevt ilimpazlar, professorlar S.S. Sahobiddinov hám X.X. Xolmatov hám olardıń shákirtleri de úlken úles qostı.

Ósimliklerdiń kópshiligi ózinde záhárli bolmaǵan biologiyalıq aktiv zatlar saqlawshı hám túrli keselliklerdi emlew ushın qollanilatuǵın emlik ósimlikler. Áyyem zamanlarda adam ózin jaman sezgen, kesellengen, jaralanǵan hallarda dártine dawanı átrápındaǵı ósimlik dunyasınan aqtarǵan hám olardıń birewinen paydalanǵan hám sol tárizde shıpa tapqan. Házirgi paytta da jabayı tabiyatta bir haywan kesellikke shalınsa, dártine dawanı kópshilik ósimliklerden tabadı.

Kesellikten shıpa tawıp bolǵan haywan keyinshelik (basqa saw haywanlar da) sol ósimlikti qayta jewge paydalanbaydı. Ósimlik dunyası insandı azıq-awqat, dárilik zatlar, kiyim-kenshek hám qurılıs materiyalları menen táminlegen, yaǵnıy insan ózine kerekli barlıq nárselerdi tabiyattan alǵan.

Solay eken, ósimliklerdi dárilik zat sıpatında insan tárepinen qollanıw tariyxın sol dáwirden, yaǵnıy insan ózin birinshi márte ósimlik penen emlegen dáslepki dáwirler dawamında baslanǵan dep esaplaw mumkin. Jer júzi xalıqlarınıń mıń jıllar dawamında tiykarǵı shıpalı zatları dárilik ósimlikler hám olardan alınǵan shıpalı jemisler tiykarında tayarlanǵan.

Toǵay xojalıǵınıń territoriyasında tiykarǵı toǵay dúziwshi túrleri bolip olarǵa jiyde, jigildik hám boyan ósimlikleri bolip esaplanadi. Toǵay xojalıǵınıń territoriyasında tiykarinan toranǵıllardiń túrleri kóplep ushirasadi hám bul biziń toǵay zonamiz ushin tán ósimlik bolip tabiladi.

Jiyde taraliwi dárejesi boyınsha toranǵıldan keyin ekinshi aǵash túri bolóp esaplanadı. Ol birden-bir edifikator bolip siyrek kórinedi. Tallar gidromorf qatarındaǵı jas tal toranǵıl toǵaylarda siyrek ushirasadı.

Toǵay toranǵıllarınıń oǵada ahmiyetli bioekologiyalıq turaqlılıq aqibeti, olar tuqımnan óz-ózinen jańalaniliwi menen támiynlenedi. Toǵaydıń barlıq aǵash túrleri usı belgige iye, biraq tek optimal jaǵdayda jasalma sharayatinda beyimlesiw aǵash ósimliklerinde tuqım saliw rejimin payda etedi. Bul waqitta tuqımlardıń tiykarǵı muǵdari ósiw ushin qolayli jaǵdaylarǵa túsedi.

Toǵay xojaliǵı aymaǵında jigildik jiyde suwiqqa shidamli jaqtilıqti súyedi. Toǵay xojaliǵı toǵaylardıń házirgi ekologiyalıq jaǵdaylarında jaqtilawinan úmit etip, toǵay ekosistemasın saqlaw maqsetinde toǵay xojaliǵı toǵaylardı jasalma jollar menen kóbeytiw boyınsha ilimiy tiykarlarda hám keń kólemde ilajlar islep atir. Toǵay xojalıǵında nálden terekzarlar otirǵiziw jaqsı jolǵa qoyilǵan. Kesip alinǵan terekti sanaatta qayda islep 100 den artiq túrli xalıq xojalıǵına jaramli zatlar islep shiǵariwǵa boladı.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar:**

1. Davlenboev Q.Q. ham t.b. «Qaraqalpaqstan Respublikasında kógallandıriw ushin qollanilatuǵın aǵash-putali ósimlikler túrleri ósirii ilajları» Nókis «Qaraqalpaqstan». 1996.
2. Ótenov T.O. «Qaraqalpaqstannıń aǵashli putali ósimlikleri olardı paydalaniw hám qorǵaw» Nókis «Qaraqalpaqstan» 1987.
3. Xannazarov A.A. «Ózbekistonda órmonlar barpo qilish asoslari». Toshkent 2002.